

Lis pou vizit dantè

Ou bezwen prepare epi pote kèk bagay avèk ou nan randevou a. Sèvi ak lis verifikasyon sa a pou prepare tèt ou ak pitit ou a.

Anvan ou ale:

- Retire pè a: Ede pitit ou a simonte laperèz li genyen pou dantis la epi soulaje enkyetid li (gade pi wo a).
- Rasanble enfòmasyon sou Medicaid oswa asirans dantè pitit ou a ak enfòmasyon idantifikasyon'w.
- Ranpli tout fòm davans oswa nenpòt lòt enfòmasyon biwo dantè a mande.
- Si w'ap wè yon nouvo dantis, soumèt yon demann otorizasyon transfè dosye epi kenbe yon kopi dosye dantè pitit ou a pou tèt ou (al gade nan etap 4 nan bwat zouti).
- Si pitit ou a bezwen aranjman espesyal, ou ta dwe diskite sa yo ak biwo a lè ou pran randevou an pou asire ke biwo a ka bay akomodasyon ki apwopriye.
- Ekri yon lis medikaman, alèji ak kondisyon medikal pitit ou a kounye a.
- Revize epi konprann dwa ou ak pitit ou anvan ou ale
- Ekri yon lis kesyon oswa enkyetid ou ka genyen konsènan sante ak swen dantè pitit ou a. Pa timid epi pale fò. Si founisè'w la di yon bagay ke'w pa konprann, poze kesyon.

Pandan vizit ou a:

- Rive 15 minit en avans. Si'w an reta nan randevou'w la, rele biwo a epi fè yo konnen. Kèk prensip biwo a mande pou yo anile randevou a si pasyan an gen plis pase 15 mn an reta.
- Pote enfòmasyon sou Medicaid oswa asirans dantè pitit ou a.
- Pote enfòmasyon idantifikasyon ou.
- Pote dosye dantè pitit ou a.
- Pote yon lis medikaman pitit ou a kounye a.
- Pote yon lis alèji ak kondisyon medikal timoun yo.

EKRI LI

Pandan randevou a ekri enfòmasyon enpòtan sou dyagnostik pitit ou a, opsyon tretman, swivi, medikaman, ak lòt enfòmasyon enpòtan. Sèvi ak yon kaye pou anrejistre tout nòt ou olye de yon moso papyè o aza ki ka fasil pèdi. Sèvi ak kaye a lè'w lakay ou pou ekri nenpòt kesyon ou ta ka genyen pou dantis la, sentòm, oswa lòt enfòmasyon enpòtan. Ekri repons founisè swen an etan l'ap reponn kesyon ou yo.

Anvan ou kite biwo a:

Si w kontan ak swen pitit ou a te resevwa epi ou vle kontinye ak founisè sa a, mande pou w pran yon randevou pwochen vizit swen prevantif ou (anjeneral 6 mwa soti) anvan ou kite biwo a. Mande biwo a pou voye yon rapèl pa imel, tèks oswa fè li ekri sou yon moso papyè, kat biznis biwo/founisè oswa lis verifikasyon sa a. Fè yo reponn kesyon sa yo:

- Ki jan sante dantè pitit mwen an ye?
- Kisa mwen ka fè pou ede pitit mwen an rete an sante?
- Èske mwen bezwen plis swen dantè (rekòmandasyon bay yon espesyalis oswa yon swivi) andeyò vizit abitiyèl 6 mwa?
- Si'w bezwen plis swen, mande enfòmasyon sou opsyon tretman Medicaid kouvri yo.
- Si pitit ou a bezwen wè yon espesyalis pou plis swen dantè, mande ki kote li ye ak kijan pou pran yon randevou. Èske referans nesèsè? Èske Medicaid kouvri espesyalis la?
- Si pitit ou a bezwen medikaman, ki lè ak ki kantite pou'l pran? Èske gen efè segondè? Èske Medicaid ap kouvri? Èske gen opsyon pi bon mache?
- Kisa pou'w fè si'w gen lòt kesyon lè'w lakay ou? Mande founisè a pou materyèl lekti pran lakay ou?